

Deklarasyon Testaman Byolojik nan Florida

Mwen, (Ekri non ekri an ak lèt detache) _____ (Dat Nesans) ____/____/____
mwen konpetan sou plan emosyonèl ak mantal pou ranpli dokiman sa a ak tout volonte mwen san fòse. Mwen swete pou yo
pa pwolonje lanmò mwen ak mwayen atifisyèl nan sikonstans yo ki endike anba a, epi ak dokiman sa, mwen deklare ke, si
mwen enkapab epi

_____ (Mete Inisyal ou la a) **Mwen gen yon pwoblèm nan estad tèminal** (Yon eta akòz blesi, maladi, oswa pwoblèm medikal
kote pa gen okenn pwobabilite medikal rezonab pou mwen refè, epi san tretman, yo ka prevwa l ap lakòz lanmò.)

OSWA

_____ (Mete Inisyal ou la a) **Mwen gen yon pwoblèm nan dènje estad** (Yon eta ki pa ka defèt ki rive akòz blesi, pwoblèm
medikal, oswa maladi ki te lakòz progresivman deteryorasyon grav ak pèmanan epi tretman pwoblèm lan pa t ap efikas.)

OSWA

_____ (Mete Inisyal ou la a) **Mwen nan yon eta vejetatif pèsistan** (Yon eta enkonsyans pèmanan epi ki pa ka defèt, kote gen
absans aksyon volontè oswa konpòtman mantal epi yon enkapasite pou kominike oswa pou gen entèraksyon toutespre
avèk anviwònman an.)

epi si doktè prensipal mwen ak yon lòt doktè konsiltan te detèmine ke pa gen okenn pwobabilite medikal rezonab pou mwen
refè sot nan yon eta konsa, mwen òdone pou yo sispann oswa retire pwosedi pou pwolonje lavi lè pwosedi sa yo ta sèlman
sèvi pou pwolonje pwosesis lanmò a yon fason atifisyèl, epi pou yo pèmèt mwen mouri natirèlman avèk sèlman medikaman
yo bay oswa pwosedi yo fè ki nesèsè pou ban m konfò oswa pou soulaje doulè m.

Mwen gen entansyon pou fanmi mwen ak doktè mwen respekte deklarasyon sa a kòm ekspresyon final dwa legal mwen gen
pou refize tretman medikal oswa chirijikal epi aksepte konsekans refi sa.

Sizoka yo te detèmine mwen pa kapab bay konsantman reflechi aklè konsènan sispansyon, retrè, oswa kontinyasyon
pwosedi pou pwolonje lavi, mwen vle deziyen kòm ranplasan m pou reyalize volonte mwen jan li deklare la a:

Non: _____ Telefòn: _____

Adrès: _____

Machaswiv Anplis (ochwa): _____

SIYATI PASYAN AN: _____ Dat: ____/____/20____

Ekri Non an ak Lèt Detache: _____ Adrès: _____

SIYATI TEMWEN YO:

Premye temwen:

Ekri Non an ak Lèt Detache: _____

Adrès: _____

Siyati: _____

Dat: ____/____/20____

Dezyèm temwen:

Ekri Non an ak Lèt Detache: _____

Adrès: _____

Siyati: _____

Dat: ____/____/20____

Volonte Mwen nan Fen Lavi (Testaman Byolojik)

**Yon dokiman Testaman Byolojik se
yon deklarasyon apwopo dezi ou
konsènan pwosedi pou pwolonje lavi
nan fen lavi ou.**

- Seyon bon lide pou bay ranplasan swen sante ou ak/oswa doktè yo kopi.
- Tanpri pale sou volonte swen sante ou avèk nenpòt moun ou nonmen kòm ranplasan ou (yo)
- Ou ka revoke (detwi oswa anile) yon direktiv davans nenpòt lè.

Eksplikasyon: Sa pral dokiman legal testaman byolojik ou on fwa:

- ☐ Li ranpli,
- ☐ ou siyen l,
- ☐ Li gen dat,
- ☐ Epi de moun ki gen laj 18 lane oswa plis te temwen l epi yo pa nonmen kòm yon ranplasan. Omwen youn nan temwen yo pa dwe fanmi menm san, ni mari/madanm pasyan an.

Volonte Mwen nan Fen Lavi (Testaman Byolojik)